

BAB IV
ULIKAN SÉMIOTIK JEUNG AJÉN ÉSTÉTIKA DINA UPACARA ADAT
NGABUNGBANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL
BUDAYA DI SMA

Dina ieu bab hal-hal nu dipedar nya éta (1) hasil panalungtikan, (2) prak-prakan upacara adat ngabungbang, (3) unsur sémiotik dina upacara adat ngabungbang (4) ajén éstétika dina upacara adat ngabungbang, jeung (5) larapna hasil panalungtikan upacara adat ngabungbang pikeun bahan pangajaran maca artikel budaya di SMA.

1.1 Hasil Panalungtikan

1.1.1 Sajarah Ngabungbang

Ki Demang Wangsyafudin kokolot dina ngabungbang nétélakeun yén ibuna Ki Demang Bu Dioh jenenganna, dina jaman harita nya éta dina taun 1915 kacaritakeunna di Batu Lawang téh keur hésé cai.

Hiji mangsa Pa Haji Hasan lanceuk Bu Dioh ti Tasik datang ka Batu Lawang. Bu Dioh ménta pitulung sangkan di Batu Lawang téh teu hésé cai. Ki Hasannarékahan paméntana, indit ka gunung (taneuh Bu Dioh) ngajak badéga jeung Juragan Ulis. Geus nepi ka gunung, Ki Hasan nu mamaké iteuk nancebkeun iteukna, bari maréntah Badégana ngagali di tempat iteuk ditancebkeun. Teu kungsi lila sanggeus digali cai téh ngaburial kaluar gedé kacida, éta tempat téh dingaranan Cikahuripan. Ti harita cai téh nepi ka ayeuna terus aya ari sa-Batu Lawangeun mah teu kakurangan cai. Singget carita, Ki Hasan sanggeus nulungan Bu Dioh boga paménta, paménta na téh nya éta dina malem 14 bulan gedé masarakat ngariung jeung ulah sararé sarta pangnyadiakeun Ronggég, ulah unggal bulan saur Ki Hasan téh cukup sataun sakali tempatna di ieu Cikahuripan. Ti dinya istilah ngabungbang mimiti aya ti saprak Ki Hasan boga paménta sakaligus jadi amanah keur Bu Dioh.

Ngabungbang téh nya éta ulin ngalantung atawa jahar ka makam karamat atawa ngadon mandi dipamandian nu aya karamatna waktu keur caang bulan ngebrak dina tanggal 14 bulan Komariah biasana dina bulan anu diagungkeun ku

Islam saperti bulan Mulud, sangkan meunang berekah (Danadibrata. 2009, kc. 113). Luyu jeung harti léksikal tina kamus Danadibrata di Batu Lawang ogé ngabungbang téh saperti kitu, ngadon hudang sapeuting jeput. Tapi aya bédana ogé Ngabungbang di Batu Lawang leuwih museur kana Ronggég Ibingna anu jadi paménta Ki Hasan dina amanahna ka Bu Dioh. Tapi prosesi “unjukan” nu dilaksanakeun di hulu cai atawa tempat pamandian karamatna dilaksanakeun dina waktu pasosoré lain dina waktu peuting.

Tujuan diayakeunna Ngabungbang nya éta pikeun nyumponan amanah ti Ki Hasan nu jadi cukang lantaran ayana cai di Batu Lawang, sanajan anu utamana mah pikeun nepikeun rasa sukur ka Gusti nu Maha Suci kana kanikmatan nu geus kacurah limpahkeun ka masarakat di Batu Lawang. Upacara Adat Ngabungbang dina jaman Bu Dioh ti taun 1915 ngan ukur nepi ka taun 1950, ti dinya Ngabungbang téh geus teu dilaksanakeun deui. Dina taun 2004 Ki Demang Wangsyafudin putrana Bu Dioh boga karep pikeun ngaguar sajarah, diayakeun tah ku Ki Demang Wangsyafudin lokasina di buruan imahna. Kaayeunakeun mah anu kuduna Ngabungbang diayakeun dina bulan Mulud téh teu kacumponan lantaran dina Mulud ayeuna mah waktuna hujan. Ku kituna Ki Demang dina ngalaksanakeun Ngabungbangnyaluyukeunjeung kaayaan kaayeunakeun. Dina taun 2016 Ngabungbang dilaksanakeun dina Bulan Muharram lantaran kenging dawuh sakalian ngumbah pusaka.

Upacara Adat Ngabungbang ti mimiti aya nepi ka ayeuna teu salawasna mulus banglus sakumaha nu diharepkeun. Lantaran loba kakurangan boh tina SDM-na atawa dina hal matéri. Tapi ku ayana Ki Demang katut réngréngan masarakat Batu Lawang, Upacara Adat Ngabungbang hirup deui nanjeur deui sarta kasohor kamamana.

1.1.2 Fungsi Upacara Adat Ngabungbang

Dumasar pedaran di luhur ngeunaan tujuan diayakeunna Ngabungbang nya éta pikeun nyumponan amanah sarta intina pikeun nepikeun rasa sukur ka Gusti nu Maha Suci Allah SWT kana sagala rupa berekah jeung kanikmatan nu katarima ku masarakat Batu Lawang.

Sedengkeun fungsina tina Upacara Adat Ngabungbang baris ditataan saperti dihandap.

- 1) Ngabungbang salaku kagiatan spiritual pikeun nepikeun rasa sukur ka Gusti nu Maha Suci Allah SWT.
- 2) Ngabungbang salaku kagiatan silaturahmi hartina miboga fungsi sosial pikeun ngaraketkeun tali duduluran, numuwuhkeun rasa gotong royong, sabilulungan, jeung rasa kabangsaan.
- 3) Ngabungbang salaku alat pendidikan, méré pangaweruh kana sajarah, kabudayaan, kaagamaan, kahirupan sosial jsb.
- 4) Tina Ngabungbang diajarkeun naon nu disebut amanah, hal éta ogé nu jadi salah sahiji sipat ti Rosululloh SAW.
- 5) Ngabungbang ogé miboga fungsi pikeun hiburan, kaayeunakeun mah Upacara Adat Ngabungbang téh bisa diluuhun ku sakabéh élemén masarakat, béda jeung harita nu masih kénéh sakral lantaran diayakeunna ditempat anu dianggap karamat.


1.1.3 Waktu jeung Tempat Lumangsungna Upacara Adat Ngabungbang

Nurutkeun Ki Demang Wangsyafudin, Upacara Adat Ngabungbang dilaksanakeun teu tangtu waktuna, ku sabab Ki Demang nganti dawuh ti luluhur ngeunaan iraha kudu ngalaksanakeun Ngabungbang, dina taun ayeuna taun 2016 Ngabungbang dilaksanakeun dina Bulan Muharram sakalian ngumbah pusaka. Prosesi Ngabungbang dimimitian ti ping 10 nepi ka 14 Muharram, saupama dina masehi mah nya éta ping 11-15 Oktober 2016, dilaksanakeun salila lima poé. Ngeunaan tempatna, dina jaman harita jaman Bu Dioh mimiti ngalaksanakeunna di gunung dina hulu cai tempat anu dikaramatkeun, kaayeunakeun mah dina jaman Ki Demang dilaksanakeunna di buruan imahna, mimiti dina taun 2015 Ngabungbang diayakeun di lapang Desa Batu Lawang, lantaran Ki Demang miboga motivasi yén beuki kadieunakeun mah Ngabungbang téh beuki ramé antukna butuh tempat anu leuwih lega.

1.1.4 Alat jeung Bahan dina Upacara Adat Ngabungbang

1) Sasajén

Sasajén dina Ngabungbang aya istilah *polo gumantung*, *polo kependem*, *polo kesimpar*. Hartina aya kadaharan anu ngagantung, kadaharan anu kakubur, jeung kadaharan anu ngagoler luhureun taneuh.



Dina Ngabungbang sasajén anu disadiakeun nya éta: (1) Congcot, (2) Bawang beureum, (3) Cabe beureum, (4) Uyah, (5) Cara bodas, (6) Cara beureum, (7) Rujak cau, (8) Bubur bodas, (9) Bubur beureum, (10) Ci kopi, (11) Ci téh, (12) Ci hérang, (13) Lemareun, (14) Kupat keupeul, (15) Papais tipung, (16) Tangtang angin, jeung (17) Menyan. Dina Ngabungbang sasajén anu diutamakeunna nya éta nu patali jeung istilah *polo gumantung*, *polo kesimpar* jeung *polo kependem*. Nu matak sasajén anu disebatkeun di luhur tadi mangrupa tutuwuhan, buah atawa beubeutian anu dijadikeun bahan pikeun nyieun sasajén. Saperti conto, papais tipung anu bahanna tina tipung tarigu, sedengkeun tarigu (*ubi*

garut) mangrupabeubeutian anu kakubur. Eusi tina papais aya kacang jeung kalapa disebatna entén (entén kalapa jeung entén kacang) kacang jeung kalapa mangrupa tutuwuhan anu buahna ngagarantung. Sasajén anu disadiakeun dina ngabungbang aya dua nyiru sasajén, hiji dipaké waktu unjukan, hiji deui dipaké dina peutingan pamungkas ngabungbang, waktu kagiatan kasenian dipidangkeun.

2) Dékorasi

Sagala rupaning parobot anu dijadikeun panglengkep pikeun kagiatan kaasup kana dékorasi (*Property*). Parobot nu patalina jeung dékorasi baris ditataan dihandap.

1) Bélé/Bélékétépé



Gambar 4.2
Bélékétépé

Mangrupa anyaman tina janur pikeun dijadikeun pipinding dina panggung jeung tempat-tempat anu dijadikeun tempat dilaksanakeunna runtuyan Ngabungbang. Bélé umumna dipaké pikeun mipindingan imah saheulaaneun, pikeun suhunan saheulaaneun jeung dipaké pikeun moé opak. Dina ngabungbang kurang leuwih aya kana 40 bélé anu disadiakeun pikeun ampar tempat diuk, mipindingan panggung sarta mipindingan balandongan. Dijieunna ku masarakat jeung panitia waktu saacan prungna ngabungbang atawa keur dina

tahapan tatahar. Ngeunaan ukuranna kira-kira kana sameter rubakna jeung 1,5 meter panjangna. Salian ti ngagunakeun bélé, bisa ogé ngagunakeun samak atawa bilik salaku gaganti na, tapi ki demang masih mertahankeun tradisi ti luluhurna teu ngaganti bélé ku samak atawa bilik. Lian ti éta bélé teu ngabutuhkeun biaya anu gedé pikeun nyadiakeunna.

2) Awi Konéng



Gambar 4.3
Awi Konéng

Mangrupa tutuwuhan anu rupa tangkalna leunjeuran, bubukuan, aya mémérangan, sarta tutuwuhan nu ngaranna awi téh sok ngagumpluk anak baranakan dina sadapuran disebatna dapuran awi. Awi konéng ieu disebat ogé ampél konéng, Panjang awi anu digunakeun panjangna dua meter. Waktu dituarna mah mangrupa leunjeuran kira-kira panjangna genep meter, dipiceun ronggos awina, anu diarahna ngan ukur batang awi lebah puhu na sangkan mangrupakeun tihang nalika ditancebkeun. Awi konéng dina Ngabungbang ditancebkeun saméméh kagiatan lumangsung, nyirikeun yén rék dilaksanakeun kagiatan upacara. Awi konéng jadi ciri kusabab dina waktu harita di Batu Lawang awi konéng jadi tihang bandéra di kademangan di Batu Lawang.

3) Obor



Gambar 4.4
Obor

Obor mangrupa parabot anu fungsina pikeun nyaangan nu poék. Obor dina Ngabungbang dijieunna tina tilu buku awi diliangan unggal bukuna dieusian minyak tuluy disumbuan. Panjang awi nu digunakeun keur tihangna kira-kira kana 1,20 meter. Awi anu digunakeunna nya éta awi konéng boh tihangna atawa papalang luhurna nu fungsina keur panundaan minyak. Minyak anu digunakeunna nya éta minyak tanah, tapi kusabab geus hésé diselang ku solar keur gaganti minyak tanah. Dijieunna waktu saacan prungna ngabungbang, dijieun ku para panitia katut masarakat nu milu gotong royong. Obor dina Ngabungbang digunakeun pikeun nyaangan sakabéh jalan di Batu Lawang, heuleutna aya kana tujuh meter tina unggal obor, lantaran Ngabungbang dilaksanakeunna dina waktu peuting.

4) Umbul-umbul



Gambar 4.5
Umbul-umbul

Umbul-umbul nya éta kélébét panjang heureut ka handap ditalikeun kana tihang (Danadibrata. 2009, kc. 726). Tihangna dijieun tina awi saleunjeur anu melengkung. Umbul-umbul dina Ngabungbang dipaké salaku dékorasi nu dijejerkeun sapanjang jalan ti buruan imah Ki Demang nepi ka lapang tempat dilaksanakeunna puncak Upacara Ngabungbang. Umbul-umbul nu dipaké dina ngabungbang lain umbul-umbul anu husus keur upacara adat, tapi umbul-umbul anu saayana anu biasana dipaké waktu 17 Agustus. Tihangna tina awi saleunjeur jenis awi tali nu geus kolot. Panjang tihangna kurang leuwih 4,5 meter. Ditancebkeunna bareng jeung nancebkeun awi konéng, ditancebkeun ku masarakat nu milu gotong royong dina kagiatan ngabungbang.

5) Tumbak



Gambar 4.6
Tumbak

Tumbak mangrupa pakarang baheula nu sok dipaké moro atawa pakarang nu dipaké para Ponggawa di karajaan. Dina Ngabungbang Tumbak dipaké ku para Ponggawa pikeun ngaping sesepuh Ngabungbang, sesepuh Désa jeung Aparat pamaréntahan katut sakabéh masarakat nalika dijajap ka lapangan tempat Upacara pamungkas dilaksanakeun. Tumbak dina ngabungbang dijieunna tina awi nu jadi watangna sedengkeun tungtungna dijieun tina beusi anu diseukeutan. Panjang tumbak kurang leuwih dua meter, 170 cm watangna 30 cm beusi congo na. Tumbak anu digunakeun dina ngabungbang aya opat, anu dua dipaké ku ponggawa dua deui ditancebkeun dina gapura hareupeun imah ki demang. Tumbak anu dipaké dina ngabungbang kaasup kana barang pusaka, lantaran sakabéh pakakas anu aya dina ngabungbang mangrupa warisan ti luluhur batu lawang mangsa harita.

6) Payung Agung



Gambar 4.7
Payung agung

Payung Agung dipaké pikeun mayungan sesepuh jeung jalma nu dipikaajrih nalika Ngabungbang dilaksanakeun, utamana mah nalika leumpang dina unggal runtuyan upacara. Payung anu digunakeunna ngan ukur hiji. Payung agung digunakeunna nalika kagiatan unjukan, mapag gegedén pamaréntah jeung leumpang ka lapang désa.

3) Alat Musik

Oka Gilang Ksatria, 2017

AJÉN ÉSTÉTIKA DINA UPACARA ADAT NGABUNGBANG DI DESA BATU LAWANG KACAMATAN PATARUMAN KOTA BANJAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA(Ulikan Sémiotik)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1) Gamelan



Gambar 4.8
Gamelan

Alat musik Gamelan tangtu geus umum di masarakat urang Sunda lantaran Gamelan sok mindeng dipaké dina kasenian-kasenian Sunda. Dina ngabungbang gamelan anu digunakeun meunang mawa kelompok seni ronggég, di jerona aya saron, jenglong, bonang, goong jeung kendang. Gamelanna gamelan surupan pelog. Gamelan dina ngabungbang ngan ukur dipaké dina pidangan seni ronggég nu diayakeun di lapangan désa.

2) Lisung jeung Halu



Gambar 4.9
Lisung jeung Halu

Lisung jeung halu mangrupa pakakas pikeun nutu béas anu sipatna tradisional dina waktu harita. Lisung jeung halu dijieunna tina kai, lisung anu jadi dadamparna tempat béas sedengkeun halu anu jadi pameupeuhna. Lisung rupana panjang masagi anu dikerok tengahna sangkan legok, sedengkeun halu mah siga paneunggeul atawa *tongkat* panjang. Lisung jeung halu dina ngabungbang digunakeun dina

kasenian gondang buhun. Mirig lagu-lagu dina gondang saperti saripohaci jeung dengkleung déngdék.

3) Tarompét



Tarompét mangrupa alat musik tiup, awak tarompét dijieunna tina kai sedengkeun anu melengkungna nu jadi panahan kana biwir dijieunna tina batok kalapa atawa tanduk. Tarompét digunakeun dina kasenian Pencak Silat. Tarompét salaku alat musik nu ngatur kana melodi dina kasenian Pencak Silat.

4) Kendang



Gambar 4.11
Kendang

Kendang mangrupa alat musik anu ditabeuh , dijieunna tina kai jeung kulit. Kendang digunakeun dina kasenian Pencak Silat jeung Ronggeng Ibing. Kendang anu digunakeun dina ngabungbang aya opat, dua dipaké dina pencak silat dua deui dina pindangan ronggeng.

4) Kasenian

1) Gondang Buhun



Gambar 4.12
Gondang Buhun

Gondang Buhun mangrupa seni musik tatabeuhan asli ti wewengkon Ciamis. Alat anu digunakeunna nya éta lisung jeung halu. Pamaénna aya lima urang ibu-ibu anu geus umuran, Gondang Buhun

dina Ngabungbang pamaénna nya éta ibu-ibu anu geus *menopause* hartina awéwé nu geus suci geus moal ngalaman deui menstruasi. Lagu nu dinyanyikeun nya éta lagu *Saripohaci* jeung *Deungkleung*. Gondang Buhun miboga sababaraha fungsi diantaranya 1) pikeun mapag sri jeung 2) ménta hujan. Dina Ngabungbang mah fungsi anu dipaké nya éta pikeun ngadatangkeun cai atawa ménta hujan.

2) Pencak Silat



Gambar 4.13
Pencak Silat

Silat numutkeun Ki Demang Wangsyafudin asal kecapna tina solat. Ditilik sacara filosofis yén silat mangrupa cara urang salaku manusa pikeun ngabela diri tina kajahatan jeung rupaning gangguan kana diri, patalina jeung solat anu mangrupakeun tihang tina agama ngawewegan kakuatan iman tina diri manusa ngajaga tina paripolah anu keji jeung munkar.

Aya 4 aspék utama dina pencak silat nya éta;

- a) Aspék *Mental Spiritual*. Pencak silat ngawangun jeung numuwuhkeun pribadi jeung karakter manusa. Pendékar jeung maha guru pencak silat dina jaman harita ngaliwatan proses semédi, tapa atawa aspék kabatinan séjén pikeun ngahontal tingkatan élmu anu luhur.
- b) Aspék *Seni Budaya*. Budaya jeung seni pencak silat mangrupa salah sahiji aspék anu kacida penting. Istilah

pencak ilaharna ngagambarkeun wujud *tarian* pencak silat, dibarung ku musik sarta maké raksukan anu tradisional.

- c) Aspék *Bela Diri*. Kapercayaan jeung katekunan diri mangrupa hal anu penting pikeun ngawasa élmu *bela diri* dina pencak silat. Istilah silat, leuwih nekenkeun kana aspék kamampuh téhnik *bela diri* silat.
- d) Aspék *Olah Raga*. Hartina aspék fisik dina pencak silat kacida penting. Pamaén silat kudu bisa nyaluyukeun antara pikiran jeung *olah tubuh*. kompetisi mangrupa bagéan tina aspék ieu.

3) Ronggég Ibing



Gambar 4.14
Ronggég Ibing

Ronggég geus umum aya di masarakat urang Sunda, Ki Demang ngabédakeun ronggég jadi 2 rupa, (1) Ronggég Kaléran jeung (2) Ronggég Pakidulan. Prak-prakanna, sababaraha pamaén ronggég

anu midang di hareupeun pamilon, tuluy sesepuh kagiatan ngabagéakeun heula para kokolot nu aya dina kagiatan éta sina ngibing tiheula jeung pamaén ronggég. Sanggeus kitu kakara sakabéh pamilon diajak ku pamaén ronggég pikeun ngumpul ngariung nyieun hiji buleudan pikeun sarana ngibing babarengan katut jeung kokolotna. Tah ti dinya hal anu ngabédakeun antara ronggég kaléran jeung pakidulan, ari di pakidulan mah ronggég téh teu fokus di hiji individu tapi ngutamakeun kesetaraan jeung silih ngajénan ka sasama.

Raksukan anu dipaké ku pamaén ronggég ibing nya éta raksukan saperti biasana :

- 1) Kabaya,
- 2) Rok kaén bahan polos,
- 3) Sodér,
- 4) Riasan jeung disanggul.

Ronggég dina ngabungbang pamaénna teu ditangtukeun nuturkeun aturan anu sakral, tapi pamaénna nyokotan ti sanggar-sanggar seni, ti kelompok seni bareng jeung nayaga atawa pamaén ti luar lingkungan (tamu) nu rék ilubiung dina pidangan ronggég. Lagu anu di haleuangkeun dina ronggég diantaranya; *Banondari*, *Bangbung Hideung* jrrd.

1.2 Pedaran

1.2.1 Prak-prakan Upacara Adat Ngabungbang

Nurutkeun Ki Demang Wangsyafudin, Upacara Adat Ngabungbang dilaksanakeun teu dumasar kana waktu nu meunang diatur. Tapi Ki Demang ngalaksanakeun Ngabungbang dumasar kana dawuhan anu datang ka anjeunna. Dina Ngabungbang aya sababaraha tahapan dina lumangsungna upacara, diantaranya baris ditataan dihandap.

1.2.1.1 Prak-Prakan Samémeh Ngabungbang

1) Wawangkongan

Dina wawangkongon, eusina ngeunaan lalakon sajarah ngadegna Batu Lawang. Dilaksanakeunna dina waktu sareureuh budak, anu ilubiungna nya éta sakabéh tokoh masarakat di Batu Lawang. Wawangkongon dilaksanakeunna nalika caang bulan 14 dina bulan Muharram. Ngeunaan tempat, dilaksanakeunna wawangkongon nya éta di aula masjid gedéngéun imah Ki Demang.

2) **Damel Sajén**

Dina poé katilu saanggeus wawangkongon sakabéh masarakat diajak ku Ki Demang pikeun nyieun sasajén. Sasajén anu disadiakeun nya éta: (1) congcot, (2) bawang beureum, (3) cabe beureum, (4) uyah, (5) cara bodas, (6) cara beureum, (7) rujak cau, (8) bubur bodas, (9) bubur beureum, (10) ci kopi, (11) ci téh, (12) ci hérang, (13) lemareun, (14) kupat keupeul, (15) papais tipung, (16) tangtang angin, jeung (17) menyan.

3) **Damel Bélé**

Masih dina poé katilu saanggeus wawangkongon, aya nu disebut “damel bélé” nya éta nyieun bélékétépé, sarupaning anyaman tina daun kalapa nu semu kolot tapi teu kolot teuing rada ngora tapi lain janurna. Dipaké pikeun dékorasi panggung sarta pikeun tilam dariukna pamilon kagiatan. Dijieun babarengan ku masarakat jeung panitia dina kagiatan ngabungbang sacara gotong royong.

4) **Damel Obor**

Masih dina poéan katilu saanggeus wawangkongon, aya damel obor nya éta nyieun obor tina tilu buku awi, ditihanganna make awi, disumbuanna maké kaén. Ditancebkeun ngajajar mapay jalan ti imah Ki Demang nepi ka lapangan désa. Minyak anu digunakeunna nya éta minyak tanah, tapi saupama minyak tanah geus hésé lantaran teu loba nu ngajualna, bisa diganti ku solar salaku gagantina.

5) **Nancebkeun Awi Konéng**

Ditancebkeun méméh sakabéh kagiatan dimimitian. Hartina dina prosesi nancebkeun awi konéng méré ciri yén acara rék dimimitian. Dina

waktu nancebkeun awi konéng, bareng jeung masangkeun umbul-umbul disapanjang jalan ti imah ki Demang nepi ka lapangan désa.

1.2.1.2 Prak-Prakan Upacara Adat Ngabungbang

1) Unjukan



Gambar 4.15
Unjukan

Dina poé ka opat saanggeus wawangkongan, aya kagiatan anu sipatna sakral nya éta prosesi Unjukan. Prosesi Unjukan nya éta nya éta indit leumpang ka gunung ka makam luluhur batu lawang, nu aya di hulu cai anu sakaligus jadi karamatna, tempat carita ngabungbang mimiti aya anu katelahna Cikahuripan. Sugu/sasajén nu dibawa dina mangsa Unjukan nya éta tilu rupa kadaharan, aya nu ngagantung, ngagoler jeung nu kakubur, disebut ogé ku istilah “*polo gumantung, polo kesimpar, polo kependem*”. Dina Unjukan miboga tujuan pikeun sukuran sarta neda widi ka Gusti Allah SWT, ka nu ngageugeuh Batu Lawang jeung ngadu’akeun luluhur Batu Lawang. Dina Unjukan aya prosesi maca du’a nu dipingpin ku Ki Demang sarta saulas ngeunaan sajarah batu lawang. Dina Unjukan nu bisa ngaluhan ngan saukur jalma-jalma pinilih atawa ngan ukur sesepuh jeung gegedén pamaréntah hungkul nu ngalaksanakeunna. Dilaksanakeunna Unjukan dina waktu ba’da ashar, mimiti leumpang ka gunung kira-kira 15 menit lilana, tuluy ngalaksanakeun prosesina kira-kira 30 menit lilana, sanggeus éta Ki

Demang ngadu'a bari sasadu yén ngabungbang masih kénéh aya acara pamungkasna, pamungkas leumpang deui ka imah Ki Demang.

2) Ngabungbang



Gambar 4.16
Ngabungbang

Ngabungbang nu jadi inti tina kagiatan Upacara dina poéan pamungkas sarta sakalian jadi kagiatan panutup tina runtuyan acara Ngabungbang.

Runtuyan acara puncakna;

- 1) Dibuka ku rajah;
- 2) Dituluykeun kana nyeungeut obor ;
- 3) Nyadiakeun sasajén;
- 4) Nyadiakeun sugu pikeun tamu (gegedén pamaréntah) ;
- 5) Midangkeun kasenian Pencak Silat;
- 6) Midangkeun kasenian Gondang Buhun;
- 7) Sanggeus tamu ngarumpul dibariskeun diajak leumpang ngabring ka lapangan désa;
- 8) Dilapangan désa saméméh ronggég dipidangkeun Ki Demang sasanggem mangrupa kecap pamapag ka para pamilon kagiatan;
- 9) Dituluykeun kana nyaritakeun sajarah Batu Lawang jeung sajarah ngabungbang;
- 10) Midangkeun ronggég;
- 11) Pamungkas ditutup ku du'a.

1.3 Analisis

1.3.1 Unsur Sémiotika dina Upacara Ngabungbang

Dina ieu hasil panalungtikan katitén aya unsur-unsur nu silih pakait nepi ka ngawujud jadi hiji tradisi, nya éta Ngabungbang. Unsur-unsur anu nyangkaruk dina upacara ngabungbang tangtu miboga harti. Harti éta bisa dipaluruh jeung diguar ngagunakeun élmu tanda (semiotik) nurutkeun Pierce. Tiori sémiotika Pierce (dina Sulasman jeung Gumilar, 2013, kc. 158) miboga tilu bagian nya éta ikon, indéks jeung simbul, nu ditataan saperti dina tabél.

Ikon nya éta tanda nu ngagambarkeun sasaruana tina hiji hal nu geus dipikawanoh saméméhna (Sulasman jeung Gumilar, 2013, kc. 180). Contona wangun gambar (tanda) dina lukisan atawa potrét nu nunjukkeun wujud manuk hartina éta gambar ngajelaskeun wujud manuk dina kaayaan sabenerna.

Tabel 4.1

Ikon dina Upacara Ngabungbang

No	Matéri	Keterangan
1	Ki Demang	Ki Demang mangrupa ikon sabab dianggap sarua jeung pamingpin atawa pupuhu dina kagiatan
2	Buruan	Buruan mangrupa ikon sabab dianggap sarua jeung panggung tempat dilaksanakeunna kagiatan
3	Obor	Obor mangrupa ikon sabab dianggap sarua jeung hal anu bisa nyaangan
4	Bélé	Bélé mangrupa ikon sabab dianggap sarua jeung hal anu bisa ngiuhan jeung mipindingan rohangan.
5	Gapura	Gapura mangrupa ikon sabab dianggap sarua jeung panto/gerbang pikeun asup ka hiji tempat.
6	Nyiru jeung Tampir	Nyiru jeung tampir mangrupa ikon sabab dianggap sarua jeung wadah gede paranti nunda barang atawa kadaharan

Tina tabél 4.1 katitén ikon nu kapanggih dina upacara ngabungbang aya genep, nya éta: (1) Ki Demang, (2) Buruan, (3) Obor, (4) Bélé, (5) Gapura, (6) Nyiru jeung Tampir.

Indéks nya éta tanda nu ngébréhkeun ayana hubungan sabab-akibat sarta sipatna tetep. Misalna baé kecap *roko* miboga indéks *haseup* (Sobur, 2013 kc.159).

Tabel 4.2
Indéks dina Upacara Ngabungbang

No	Materi	Keterangan
1	Haseup	Haseup mangrupa indéks tina ayana seuneu anu asalna tina obor.
2	Maca Mantra	Maca mantra mangrupa indéks sabab ku dibacakeunna éta mantra téh sakaligus nganteur du'a ka luluhur nu geus tilar dunya sangkan meunang berekah.
3	Maca Du'a	Maca du'a mangrupa indéks sabab dibacakeunna eta du'a téh pikeun nepikeun rasa sukur ka Gusti Nu Maha Suci jeung pikeun menta kasalametan pikeun sakabéh individu nu ilubiung dina upacara sarta ménta berekah pikeun lembur Batu Lawang salawasna.
4	Nancebkeun Awi Koneng	Nancebkeun awi koneng mangrupa indéks sabab ditancebkeunna awi téh jadi tanda sangkan masarakat mikanyaho yén upacara baris dilaksanakeun.
5	Damel Bélé	Damel bélé mangrupa indéks sabab didamelna bélé téh sangkan sakabéh balandongan kapindingan jeung sakabéh tempat diuk kaamparan.
6	Ronggeng Ibing	Ronggeng ibing mangrupa indéks sabab dilaksanakeunna ronggeng téh mangrupa amanah ti luluhur Ki Demang nya éta Haji Hasan sangkan cai di Batu lawang tuluy ngocor.
7	Nyadiakeun Sasajén	Nyadiakeun sasajén mangrupa indéks sabab disadiakeunna sasajén téh pikeun nyuguhan nu ngageugeuh Batu Lawang. Sangkan teu méré mamala.
8	Dawegan	Dawegan mangrupa ikon sabab dianggap sarua jeung inuman karesep luluhur. Salaku sarat dina sasajén nu disadiakeun.
9	Cai Kopi	Cai kopi nya éta tipung kopi anu ditinyuh ku cipanas mangrupa ikon sabab cai kopi dipercaya mangrupa inuman karesep nu gaib sarta sok aya dina kalengkepan sasajén.

No	Materi	Keterangan
10	Rurujakan	Rurujakan mangrupa ikon sabab dianggap sarua jeung kadaharan para raja jeung luluhur (pencuci mulut). Sarta dipaké pikeun kalengkepan sasajén

Tina tabél 4.2 katitén indéks nu kapanggih dumasar sabab akibat dina upacara ngabungbang nya éta: (1) Haseup, (2) Maca Mantra, (3) Maca Du'a, (4) Nancebkeun Awi Konéng, (5) Damel Bélé, (6) Ronggeng Ibing, jeung (7) Nyadiakeun Sasajén, (8) Dawegan, (9) Cai Kopi, (10) Rurujakan.

Sacara étimologis, simbol asal kecapna tina basa Yunani *sym-ballein* nu hartina hiji barang atawa paripolah nu dipatalikeun jeung hiji ide atawa gagasan (Hartoko jeung Rahmanto dina Sobur, 2013, kc.155). Simbul mangrupa salah sahiji kategori tanda (*sign*). Dina basa komunikasi, simbol disebut ogé lambang. Simbul atawa lambang nya éta hiji hal nu digunakeun pikeun nuduhkeun hal séjén nu ngawengku amanat *verbal*, paripolah *non-verbal* sarta objék nu maksudna disapukan babarengan ku kelompok sosial (Sobur, 2013, kc. 157).

Tabel 4.3

Simbul dina Upacara Ngabungbang

No	Materi	Keterangan
1	Ngabungbang	Ngabungbang mangrupa simbol anu ngajén kana pentingna sipat amanah jeung pentingna nepikeun rasa sukur ka nu Maha Kawasa.
2	Unjukan	Unjukan mangrupa simbol yén saupama rék ngalaksanakeun hiji pagawéan téh kudu mundut widi kanu jadi karuhun (kolot)
3	Gondang	Gondang mangrupa simbol lantaran dina gondang pamaénna téh ibu-ibu, awéwé anu geus dianggap suci (menopause). Hartina beuki kolot diri manusa beuki deukeut kana tungtung umur geus sakuduna ngabersihkeun diri, nyucikeun diri ku cara “nutu” kahirupan nyaluyukeun jeung “lagu” dunya niat ibadah nepi ka tungtung kahirupan.
4	Silat	Silat mangrupa simbol, numutkeun Ki Demang mah Silat téh asal kecapna tina Solat. Dina solat aya niat,ngalaksanakeun

No	Materi	Keterangan
		jeung ngamalkeun, kitu dina silat ogé urang ngadeg (kuda-kuda) tatahar keur ngaliwatan unggal réngkak jeung polah silatna tuluy amalkeun dina kahirupan sapopoé. Da geuning silat téh lain élmu lalagaan ka batur tapi élmu pikeun ngéléhkeun amarah jeung nafsu diri pamaén silatna.
5	Sasajén	Sasajén dina ngabungbang dijieun tina tilu rupa tutuwuhan/buah nya éta (1) Polo Gumantung, (2) Polo Kesimpar, (3) Polo Kependem. Sasajén dina ngabungbang nyimbulkeun kahirupan manusa ti mimiti dina alam ruh (polo gumantung) tuluy diturunkeunna ka alam dunya jadi manusa nu miboga jasad (polo kesimpar) sarta anu akhirna bakal mulang dicokot ruhna sedengkeun jasadna dikurebkeun (polo kependem).
6	Sodér	Sodér dina ronggég miboga harti jadi pameungkeut antara ronggég jeung batur ngibingna.
7	Wawangkongan	Wawangkongan dina ngabungbang mangrupa kagiatan nyaritakeun sajarah nepikeun caritaan ti karuhun Batu Lawang ka masarakatna sacara turun tinurun. Ki Demang salaku mediator anu nepikeun sajarahna. Wawangkongan méré simbul yén dina nepikeun caritaan ulah pegat saacan caritaan nepi ka udagan panungtungan.
8	Iket	Iket nu dipaké ku para pamilon jeung panitia salila kagiatan ngabungbang, salian ti pikeun nutupan sirah iket ogé mangrupa simbul lantaran iket sarua jeung kecap <i>ikatan</i> / beungkeutan, hartina manusa dina kahirupanna ulah leupas tina aturan nu geus aya nu dijieun ku jalma saacan maranéhna (karuhun) saupama dipatalikeun jeung kaagaamaan maksudna ulah leupas tina aturan agama, al-qur'an, sunnah jeung hadist rosul. Iket ogé méré harti beungkeutan, meungkeut uteuk urang sangkan teu kaluar tina pamikiran anu bener, meungkeut papada manusa sangkan jadi sabeungkeutan dina lingkungan masarakat.

No	Materi	Keterangan
9	Pangsi	Pangsi nu dipaké ku para pamilon jeung panitia sasetél jeung iket nalika kagiatan ngabungbang saliat ti pikeun karempangan raksukan salila kagiatan pangsi ogé mangrupa simbul lantaran pangsi anu warna hideung ngandung harti kawani, kuat jeung getén dina pagawéan sarta sipatna alami. Lian ti éta saupama kotor moal kaciri kotor lantaran hideung nutupan sagala warna, hideung némbongkeun <i>dominasi</i> , negeskeun kamandirian.

Tina tabel 4.3 katiten aya sababaraha simbul anu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang, nya éta: (1) Ngabungbang, (2) Unjukan, (3) Gondang, (4) Silat, (5) Sasajén, (6) Sodér, , (7) Wawangkongon, (8) Iket, jeung (9) Pangsi.

1.3.2 Ajén Éstétika dina Upacara Ngabungbang

Dumasar tina pangaruh Plato, sababaraha filsuf boga pamadegan yén kaéndahan salaku kualitas intrinsik anu nyamuni dina objék. Dina periode postmodernisme leuwih museurkeun paniténa kana tanda-tanda, salaku éstétika sémiotis, ku cara méré tinimbangan yén kualitas ététis téh sumberna tina hasil pamahaman ngeunaan sistem tanda. Sémiotika éstétis dumasar kana prinsip semantis jeung pragmatis. Éstétika semantis dicirian ku karya seni anu miboga tipe-tipe tanda nu tangtu sarta ngagunakeun mode référénsi nu tangtu ogé, sedengkeun éstétika pragmatis dicirian ngaliwatan hakékat jeung kamampuh karya seni salaku komunikasi (Ratna, 2015, kc. 94-96). Lian ti éta aya dua pamadegan Socrates ngeunaan éstétika. Kahiji, aya barang-barang anu éndah, luyu jeung sipat sarta ciri-cirina séwang-séwangan. Kadua, aya pamadegan umum ngeunaan kaéndahan, nu ngabalukarkeun barang anu dimaksud jadi éndah (Ratna, 2015, kc. 61).

Dina Ngabungbang geus katitén sababaraha rupa tanda nu nyangkaruk dijeron. Dihandap ieu baris ditataan sababaraha hal nu mangrupa tanda-tanda nu nyangkaruk dina upacara ngabungbang sarta patalina jeung ajén-ajén kaéndahanna.

1.3.2.1 Ajén Éstétika dina Raksukan anu Dipaké dina Waktu Ngabungbang

1) Pangsi

Pangsi nu dipaké ku para pamilon jeung panitia sasetél jeung iket nalika kagiatan ngabungbang saliat ti pikeun karempangan raksukan salila kagiatan pangsi ogé mangrupa simbol lantaran pangsi anu warna hideung ngandung harti kawani, kuat jeung getén dina pagawéan sarta sipatna alami. Lian ti éta saupama kotor moal kaciri kotor lantaran hideung nutupan sagala warna, hideung nembongkeun *dominasi*, hideung méré harti kamandirian. Patalina jeung éstétika, pangsi mangrupa raksukan anu geus jadi ciri khas urang Sunda. Sabab dina ngabungbang pangsi dipakéna lain ngan saukur ku saurang jalma tapi ku sakabéh pamilon jeung panitia (lalaki) kaciri éndah ku rempegna. Pangsi kaasup kana kaendahan visual.

2) Kabaya

Kabaya nu dipaké ku pamilon jeung panitia sasetél jeung samping nu jadi gantina rok/calana ku para awéwé. Kabaya nu dipaké teu saperti pangsi nu dipaké ku lalaki anu warna na sarua hideung sakabéhna. Tapi kabaya anu dipakéna warna na teu sarua, aya nu beureum aya nu konéng, héjojsb. Ti dinya bisa kaciri éndahna *keseragaman* lantaran ayana bébédaan, bébédaan ieu teu méré harti anu goréng tapi ku ayana rinéka tina sababaraha warna méré harti kana kalengkepan jeung kasampurnaan. Saperti di nagara urang ayana “Bhineka Tunggal Ika” hartina sanajan béda ogé tetep ngahiji. Ti dinya bisa katitén nu disebut éndahna *keseragaman*. jeung deui kabaya anu dipaké disieupkeun jeung samping, lamun dipaké ku istri sieup pantes, matak nembongkeun kapribadian nu lungguh timpuh andalemi. Kabaya kaasup kana kaéndahan visual.

3) Iket

Iket nu dipaké ku para pamilon jeung panitia salila kagiatan ngabungbang, salian ti pikeun nutupan sirah iket ogé mangrupa simbol lantaran iket sarua jeung kecap *ikatan*/ beungkeutan, hartina manusa dina kahirupanna ulah leupas tina aturan nu geus aya nu dijieun ku jalma

saacan maranéhna (karuhun) saupama dipatalikeun jeung kaagaamaan maksudna ulah leupas tina aturan agama, Al-Qur'an, sunnah jeung hadist rosul. Iket ogé méré harti beungkeutan, meungkeut uteuk urang sangkan teu leupas tina pamikiran anu bener, meungkeut papada manusa sangkan jadi sabeungkeutan dina lingkungan masarkat.

Dipatalikeun jeung éstétika, salian ti pikeun nutupan sirah sangkan kahalangan tina sagala rupa hal anu bakal ngaganggu kana sirah saperti kokotor, panas, cai jsb. Saupama ditilik sacara inderawi bakal kaciri ku indera paningal yén iket téh hiji hal anu ngadukung kana kalengkepan raksukan pikeun méré ajén anu nambahan hadé (aksesoris). Sedengkeun saupama ditilik sacara harti tina simbul iket anu nepikeun ide/gagasan, numutkeun Ki Demang iket téh mangrupa *ikatan*/beungkeutan, meungkeut pikiran sangkan tetep dina pikiran anu bener, meungkeut papada manusa sangkan tetep babarengan/sabeungkeutan di lingkungan masarakat. Ku kituna éstétika teu saukur bisa kaalaman sacara inderawi tapi aya nu disebut éstétik pragmatis, hartina nepikeun gagasan ngaliwatan karya seni/ kabudayaan nu di bungkus ku sistem tanda dina komunikasi. Iket kaasup kana kaéndahan visual.

4) Sodér

Sodér dina ngabungbang dipaké ku pamaén ronggég waktu pidangan ronggég nu diayakeun di lapang désa. Sodér nya éta karémbong nu dipaké ngigel (Danadibrata. 2009, kc. 647), sedengkeun karembong téh lawon heureut leuwih kurang sasiku rubakna jeung panjangna leuwih kurang 2 ½ meter, kaasup papakéan awéwé, dipakéna pikeun uas ais, sedeng karémbong alus sok dipaké pamantes dina make wungkul disampaykeun dina taktak (Danadibrata. 2009, kc. 321). Sodér dina ronggég nu aya dina ngabungbang ngan sawarna nya éta konéng wungkul. Sodér nu dipaké ku pamaén ronggég, fungsina pikeun mikat atawa ngajak nu nontong sangkan milu ngigel jeung pamaén ronggégna. Cara maké na disampaykeun dina taktak, dicekel unggal tungtungna ku leungeung kénca jeung katuhu. Sodér dina ronggég teu ngan dipaké

wungkul tapi ogé aya cara maénkeunna, saupama rék ngajak nu nongton mimiti dipaénkeunna téh diképrétkeun nyanghareup ka nu nongton, sanggeus kitu saupama rék milih batur ngigel, sodér anu dipaké téh dikalungkeun ka salah sahiji panongton bari dituyun dibawa ka hareupeun panggung. Sodér miboga ajén kaéndahan saupama ditilik tina fungsina sacara umum, dipaké ku awéwé keur pamantes dina raksukanna. Sedengkeun dina ronggég, sodér miboga fungsi pikeun pamikat ti pamaén ronggég, tina cara maénkeun sodérna nu diképrétkeun lir ibarat leungeun awéwé nu keur gugupay, ngahiap nu nongton ngajak ngigel jeung pamaén ronggég.

1.3.2.2 Ajén Éstétika dina Dékorasi nu aya dina Ngabungbang

1) Umbul-umbul

Umbul-umbul nya éta kélébét panjang heureut ka handap ditalikeun kana tihang (Danadibrata. 2009, kc. 726). Tihangna dijieun tina awi saleunjeur anu melengkung. Umbul-umbul dina Ngabungbang dipaké salaku dékorasi nu dijajarkeun sapanjang jalan ti buruan imah Ki Demang nepi ka lapang tempat dilaksanakeunna puncak Upacara Ngabungbang. Umbul-umbul nu dipaké dina ngabungbang lain umbul-umbul anu husus keur upacara adat, tapi umbul-umbul anu saayana anu biasana dipaké waktu 17 Agustus. Tihangna tina awi saleunjeur jenis awi tali nu geus kolot. Panjang tihangna kurang leuwih 4,5 meter. Ditancebkeunna bareng jeung nancebkeun awi konéng, ditancebkeun ku masarakat nu milu gotong royong dina kagiatan ngabungbang. Umbul-umbul anu dipasangkeun kurang leuwih aya 40 umbul-umbul. Ditancebkeun kenca jeung katuhu jalan liliwatan pamilon ngabungbang ti imah Ki Demang nepi ka lapangan désa. Ditilik tina ajén kaéndahanna, umbul-umbul anu ngajajar ngabaris bérés siga nu milu mapag pamilon méh datang ka tempat ngabungbang dilaksanakeun.

2) Obor

Obor mangrupa parabol anu fungsina pikeun nyaangan nu poék. Obor dina Ngabungbang dijieunna tina tilu buku awi diliangan unggal

bukuna dieusian minyak tuluy disumbuan. Panjang awi nu digunakeun keur tihangna kira-kira kana 1,20 meter. Awi anu digunakeunna nya éta awi konéng boh tihangna atawa papalang luhurna nu fungsina keur panundaan minyak. Minyak anu digunakeunna nya éta minyak tanah, tapi kusabab geus hésé diselang ku solar keur gaganti minyak tanah. Dijieunna waktu saacan prungna ngabungbang, dijieun ku para panitia katut masarakat nu milu gotong royong. Obor dina Ngabungbang digunakeun pikeun nyaangan sakabéh jalan di Batu Lawang, heuleutna aya kana tujuh meter tina unggal obor, lantaran Ngabungbang dilaksanakeunna dina waktu peuting. Saupama ditilik ajén kaéndahanna, bakal sarua jeung umbul-umbul, sarua ngajajar, sarua ngabaris bérés, tapi bédana obor anu caang waktu peuting dina kaayaan poék euweuh lampu atawa hal séjén anu nyaang, matak waas katingalna lir ibarat béntang nu ngabaris maturan gédénggeun pamilon nu keur leumpang ti imah Ki Demang ka lapang désa.

3) Bélé/Belékétépé

Mangrupa anyaman tina janur pikeun dijadikeun pipinding dina panggung jeung tempat-tempat anu dijadikeun tempat dilaksanakeunna runtuyan Ngabungbang. Bélé umumna dipaké pikeun mipindingan imah saheulaaneun, pikeun suhunan saheulaaneun jeung dipaké pikeun moé opak. Dina ngabungbang kurang leuwih aya kana 40 bélé anu disadiakeun pikeun ampar tempat diuk, mipindingan panggung sarta mipindingan balandongan. Dijieunna ku masarakat jeung panitia waktu saacan prungna ngabungbang atawa keur dina tahapan tatahar. Ngeunaan ukuranna kira-kira kana sameter rubakna ka 1,5 meter panjangna. Salian ti ngagunakeun bélé, bisa ogé ngagunakeun samak atawa bilik salaku gaganti na, tapi ki demang masih mertahankeun tradisi ti luluhurna teu ngaganti bélé ku samak atawa bilik. Lian ti éta bélé teu ngabutuhkeun biaya anu gedé pikeun nyadiakeunna. Saupama ditilik ajén kaéndahanna, bélé mangrupa seni dina widang anyaman. Lian ti éta bélé jadi baranag

pamantes nu nambahan éndah dina sakabéh dékorasi dina kagiatan ngabungbang, saperti dékorasi panggung, balandongan, tempat diuk, jsb.

1.3.2.3 Ajén Éstétika dina Kasenian dina Runtuyan Ngabungbang

1) Ronggég

Ronggég dina ngabungbang disebut ronggég pakidulan anu ngutamakeun kapentingan sosial/babarengan. Da geuning dina prungna ronggég téh teu nuturkeun kahayang sorangan, tina léngkah jeung igelna sakabéhna rempeg teu pasalia. Ti dinya bisa dicindekeun ronggég dina ngabungbang méré conto ka masarakat yén dina sagala pagawéan saupama dilaksanakeun babarengan sarta luyu jeung aturan tangtu bakal ngahasilkeun hal anu hadé sarta miboga ajén kaéndahan. Aspék gerak jeung konsép nu aya dina ronggég pakidulan miboga unsur kaéndahan, gerak anu sauyunan jeung konsép *kebersamaan* anu jadi ciri kaéndahan tina ronggég. Salian ti éta ronggég ogé mangrupa tarian, ku kituna salian ti kaéndahan sacara konsép ronggég ogé miboga kaéndahan sacara seni.

2) Silat

Silat numutkeun Ki Demang Wangsyafudin asal kecapna tina solat. Ditilik sacara filosofis yén silat mangrupa cara urang salaku manusa pikeun ngabela diri tina kajahatan jeung rupaning gangguan kana diri, patalina jeung solat anu mangrupakeun tihang tina agama ngawewegan kakuatan iman tina diri manusa ngajaga tina paripolah anu keji jeung munkar. Aya 4 aspék utama dina pencak silat nya éta; Kahijiaspék *Mental Spiritual*. Pencak silat ngawangun jeung numuwuhkeun pribadi jeung karakter manusa. Pendékar jeung maha guru pencak silat dina jaman harita ngaliwatan proses semédi, tapa atawa aspék kabatinan séjén pikeun ngahontal tingkatan élmu anu luhur. Kadua aspék *Seni Budaya*. Budaya jeung seni pencak silat mangrupa salah sahiji aspék anu kacida penting. Istilah *pencak* ilaharna ngagambarkeun wujud *tarian* pencak silat, dibarung ku musik sarta maké raksukan anu tradisional. Katilu aspék *Bela Diri*. Kapercayaan jeung katekunan diri mangrupa hal anu penting

pikeun ngawasa élmu *bela diri* dina pencak silat. Istilah silat, leuwih nekenkeun kana aspék kamampuh tehnik *bela diri* silat. Kaopat aspék *Olah Raga*. Hartina aspék fisik dina pencak silat kacida penting. Pamaén silat kudu bisa nyaluyukeun antara pikiran jeung *olah tubuh*. kompetisi mangrupa bagéan tina aspék ieu. Dilitik ajén kaéndahanna, filosofi tina silat nurutkeun Ki Demang mangrupa konsép anu hadé pikeun ngawangun pribadi anu kuat, boh imanna boh dirina sacara fisik. Lian ti éta, réngkak mangrupa hal utama nu aya dina silat, réngkak silat luyu jeung musik nu mirigna. Katitén unggal réngkak jeung ketukan kendang, dibarung sora tarompét sakabéhna saluyu teu pasalia.

3) Gondang Buhun

Gondang Buhun mangrupa seni musik tatabeuhan asli ti wewengkon Ciamis. Alat anu digunakeunna nya éta lisung jeung halu. Pamaénna aya lima urang ibu-ibu anu geus umuran, Gondang Buhun dina Ngabungbang pamaénna nya éta ibu-ibu anu geus *menopause* hartina awéwé nu geus suci geus moal ngalaman deui menstruasi. Lagu nu dinyanyikeun nya éta lagu *Saripohaci* jeung *Deungkleung*. Gondang Buhun miboga sababaraha fungsi diantaranya 1) pikeun mapag sri jeung 2) ménta hujan. Dina Ngabungbang mah fungsi anu dipaké nya éta pikeun ngadatangkeun cai atawa ménta hujan. Ditilik ajén kaéndahanna, tina widang seni musik, gondang anu alat na ngan ukur lisung jeung halu nu teu boga patokan nada sakumaha umumna alat musik, tapi sanajan kitu lisung jeung halu dina gondang bisa mirig lagu nu dihaleuangkeun.

1.3.2.4 Ajén Éstétika dina Upacara Ritual

1) Ngabungbang

Ngabungbang mangrupa upacara/kegiatan anu ngajén kana pentingna sipat amanah jeung pentingna nepikeun rasa sukur ka nu Maha Kawasa. Nilik kana pamadegan Crose anu leuwih merhatikeun kana kapentingan rohani dina éstetika, lantaran saupama barang atawa hal anu disebut éndah antukna bakal méré pangaruh gedé kana haté/rohani. Nalika salah sahiji indera museur sarta merhatikeun kana hiji hal anu

satuluyna bakal diprosés ku daya hayal jeung haté, anu ahirna bakal miboga kasimpulan yén hiji barang atawa hal anu keur diperhatikeun disebat éndah. Saperti dina ngabungbang, unggal runtuyan kagiatanna, barang nu aya dina kagiatanna geus tangtu bakal kaciri jeung kareungeu kumaha kaéndahan sacara audio jeung visualna. Ayeuna nu leuwih jero, nilik kana harti tina ngabungbang sagemblengna nu mentingkeun sipat amanah jeung nepikeun rasa sukur. Saupama dua hal éta geus dilakukeun, haté si palaku bakal ngarasakeun ayana katenangan haté. Bisa dicindekeun dina ngabungbang miboga kaéndahan anu sipatna rohaniah patali jeung kaéndahan nu dirasakeun ku haté.

2) Unjukan

Dina poé ka opat saanggeus wawangkongan, aya kagiatan anu sipatna sakral nya éta prosesi Unjukan. Prosesi Unjukan nya éta nya éta indit leumpang ka gunung ka makam luluhur batu lawang, nu aya di hulu cai anu sakaligus jadi karamatna, tempat carita ngabungbang mimiti aya anu katelahna Cikahuripan. Sugu/sasajén nu dibawa dina mangsa Unjukan nya éta tilu rupa kadaharan, aya nu ngagantung, ngagoler jeung nu kakubur, disebut ogé ku istilah “*polo gumantung, polo kesimpar, polo kependem*”. Dina Unjukan miboga tujuan pikeun sukuran sarta neda widi ka Gusti Allah SWT, ka nu ngageugeuh Batu Lawang jeung ngadu’akeun luluhur Batu Lawang. Dina Unjukan aya prosesi maca du’a nu dipingpin ku Ki Demang sarta saulas ngeunaan sajarah batu lawang. Dina Unjukan nu bisa ngaluuhan ngan saukur jalma-jalma pinilih atawa ngan ukur sesepuh jeung gegedén pamaréntah hungkul nu ngalaksanakeunna. Dilaksanakeunna Unjukan dina waktu ba’da ashar, mimiti leumpang ka gunung kira-kira 15 menit lilana, tuluy ngalaksanakeun prosesina kira-kira 30 menit lilana, sanggeus éta Ki Demang ngadu’a bari sasadu yén ngabungbang masih kénéh aya acara pamungkasna, pamungkas leumpang deui ka imah Ki Demang. Ditilik ajén kaéndahanna, Unjukan méré simbul yén saupama rék ngalaksanakeun hiji pagawéan téh kudu mundut widi kanu jadi karuhun (kolot), tina hal éta sacara teu langsung

prosesi unjukan méré pituduh ka balaréa sangkan ngutamakeun rasa hormat kanu jadi kolot.

1.4 Larapna Hasil Panalungtikan Upacara Adat Ngabungbang pikeun Pangajaran Maca Artikel di SMA

Hasil tina panalungtikan anu dijudulan “Ajén Éstétika dina Upacara Adat Ngabungbang di Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar pikeun Bahan Pangajaran Maca Artikel di SMA (Ulikan Sémiotik)” bisa dijadikeun bahan pangajaran Basa Sunda lantaran luyu jeung KIKD ti Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat taun 2013, yén dina pangajaran Basa Sunda SMA/SMK Kelas XII aya pangajaran “maca artikel”. Hasil tina panalungtikan ieu bisa dilarapkeun dina éta pangajaran.

Dina pangajaran basa jeung sastra Sunda kelas XII aya KIKD nu kudu dihontal dina pangajaran maca artikel. Éta KIKD téh aya dina tabél di handap ieu.

Tabel 4.4

KIKD Maca Artikel di SMA Kelas XII

Kompetensi Inti	Kompetensi Dasar
12.1 Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianutnya	12.1.3 Mensyukuri anugerah Tuhan YME akan keberadaan bahasa Sunda sebagai sarana untuk memahami wawacan, artikel, memandu acara, terjemahan, carita pantun, drama (teater, gending karesmen dan/atau longser).
12.2 Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung-jawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.	12.2.3 Menunjukkan perilaku jujur, disiplin, peduli, santun dan proaktif dalam menggunakan bahasa Sunda untuk memahami dan menyajikan karangan berupa artikel.
12.3 Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak nyata.	12.3.3 Menganalisis dan mengidentifikasi untuk memahami teks artikel berdasarkan kaidah-kaidahnya secara lisan dan tulisan.
12.4 Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah konkret (menggunakan, mengurai, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan ranah abstrak	12.4.3 Menangkap isi, menganalisis, mengevaluasi teks artikel dengan memperhatikan kaidah-kaidahnya.

Kompetensi Inti	Kompetensi Dasar
(menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.	

1.4.1 Téks Artikel Budaya

Di handap aya artikel anu judulna “Upacara Adat Ngabungbang”. Pék ku hidep baca éta artikel nepi ka kacangkem eusina

UPACARA ADAT NGABUNGBANG

Upacara Adat Ngabungbang mangrupa kabudayaan titipan karuhun di Batu Lawang. Ieu Upacara dilaksanakeunna unggal sataun sakali dina Bulan Mulud, tempat dilaksanakeunna aya di Desa Batu Lawang Kecamatan Pataruman Kota Banjar. Ieu upacara dilaksanakeun pikeun nepikeun rasa sukur ka pangeran



Gambar 4.17
Upacara Ngabungbang
Prosesi Puncak (Ronggég)

jeung ka para luluhur nu ngageugeuh di Batu Lawang, lantaran cai nu ngocor di Batu Lawang can kungsi saat sanajan halodo panjang. Ngabungbang saméméhna geus aya ti taun 1915. Ki Demang salaku generasi ayeuna anu nuluykeun Ngabungbang téh, warisan ti Ibuna (Ibu Dioh).

Dina jaman harita nya éta dina taun 1915 kacaritakeunna di Batu Lawang téh keur hésé cai. Hiji mangsa Pa Haji Hasan lanceuk Bu Dioh ti Tasik datang ka Ki Hasannarékahan paméntana, indit ka gunung (taneuh Bu Dioh) ngajak badéga jeung Juragan Ulis. Geus nepi ka gunung, Ki Hasan nu mamaké iteuk nancebkeun iteukna bari maréntah Badégana ngagali di tempat iteuk ditancebkeun. Teu kungsi lila sanggeus digali cai téh ngaburial kaluar gedé kacida, éta tempat téh dingaranan Cikahuripan. Ti harita cai téh nepi ka ayeuna cur cor sa-Batu Lawang mah teu kakurangan cai. Ki Hasan sanggeus nulungan Bu Dioh boga paménta, paménta na téh nya éta dina malem 14 bulan gedé masarakat ngariung jeung ulah

sararé sarta pangnyadiakeun Ronggeng, ulah unggal bulan saur Ki Hasan téh cukup sataun sakali tempatna di ieu Cikahuripan. Ti mimiti jaman Bu Dioh ngalaksanakeun paménta ti Ki Hasan nepi ka ayeuna jaman Ki Demang, anu paménta na ayeuna dibéré ngaran Ngabungbang, antukna cai di Batu Lawang teu ngalaman saat atawa kakurangan cai.

Palaku dina Upacara Ngabungbang nya éta aya sesepuh (Ki Demang), réngréngan sesepuh, aparat pamaréntah, panitia, nayaga, sarta masarakat umum jsté.

Prak-prakan upacara ngabungbang kabagi jadi dua bagian, nya éta bagian saméméh jeung puncakna.

Nurutkeun Ki Demang Wangsyafudin, Upacara Adat Ngabungbang dilaksanakeun teu dumasar kana waktu nu meunang diatur. Tapi Ki Demang ngalaksanakeun Ngabungbang dumasar kana dawuhan anu datang ka anjeunna.

Dina Ngabungbang aya sababaraha tahapan dina lumangsungna upacara, diantaranya baris ditataan dihandap.

1) Saméméh Ngabungbang

- Wawangkongan

Dina wawangkongan, eusina ngeunaan lalakon sajarah ngadegna Batu Lawang. Dilaksanakeunna dina waktu sareureuh budak, anu ilubiungna nya éta sakabéh tokoh masarakat di Batu Lawang. Wawangkongan dilaksanakeunna nalika caang bulan 14 dina bulan Muharram. Ngeunaan tempat, dilaksanakeunna wawangkongan nya éta di aula masjid gédéngun imah Ki Demang.

- Damel Sajén

Dina poé katilu saangeus wawangkongan sakabéh masarakat diajak ku Ki Demang pikeun nyieun sasajén. Sasajén anu disadiakeun nya éta: (1) congcot, (2) bawang beureum, (3) cabe beureum, (4) uyah, (5) cara bodas, (6) cara beureum, (7) rujak cau, (8) bubur bodas, (9) bubur beureum, (10) ci kopi, (11) ci téh, (12) ci hérang, (13) lemareun, (14) kupat keupeul, (15) papais tipung, (16) tangtang angin, jeung (17) menyan.

- Damel Bélé

Masih dina poé katilu saanggeus wawangkongan, aya nu disebut “damel bélé” nya éta nyieun bélékétépé sarupaning anyaman tina daun kalapa nu semu kolot tapi teu kolot teuing rada ngora tapi lain janurna. Dipaké pikeun dékorasi panggung sarta pikeun tilam dariukna pamilon kagiatan. Dijieun babarengan ku masarakat jeung panitia dina kagiatan ngabungbang sacara gotong royong.

- Damel Obor

Masih dina poéan katilu saanggeus wawangkongan, aya damel obor nya éta nyieun obor tina tilu buku awi, ditihanganna make awi, disumbuanna maké kaén. Ditancebkeun ngajajar mapay jalan ti imah Ki Demang nepi ka lapangan désa. Minyak anu digunakeunna nya éta minyak tanah, tapi saupama minyak tanah geus hésé lantaran teu loba nu ngajualna, bisa diganti ku solar salaku gagantina.

- Nancebkeun Awi Konéng

Ditancebkeun méméh sakabéh kagiatan dimimitian. Hartina dina prosesi nancebkeun awi konéng méré ciri yén acara rék dimimitian. Dina waktu nancebkeun awi konéng, bareng jeung masangkeun umbul-umbul disapanjang jalan ti imah ki Demang nepi ka lapangan désa.

2) Puncak Upacara Adat Ngabungbang

- Unjukan

Dina poé ka opat sanggeus wawangkongan, dilaksanakeun Unjukan nya éta indit ka gunung ka makam luluhur di hulu cai anu jadi karamatna katelahna Cikahuripan. Suguah nu dibawa dina waktu Unjukan nya éta tilu rupa kadaharan, aya nu ngagantung, ngagolér jeung nu kakubur, disebut ogé ku istilah “*polo gumantung, polo kesimpar, polo kependem*”. Dina Unjukan miboga tujuan pikeun sukuran sarta neda widi ka Gusti Allah SWT, ka nu ngageugeuh Batu Lawang jeung ngadu’akeun luluhur Batu Lawang. Dina Unjukan nu bisa ngaluuhan ngan saukur jalma-jalma pinilih atawa ngan saukur sesepuhna hungkul nu ngalaksanakeunna.

- Ngabungbang

Ngabungbang nu jadi inti tina kagiatan Upacara dina poéan pamungkas sarta sakalian jadi kagiatan panutup tina runtuyan acara Ngabungbang. Puncak tina ngabungbang dimimitian dilaksanakeunna di buruan imah Ki Demang, dibuka ku rajah nu digerendengkeun ku Ki Demang salaku sesepuh ngabungbang, dituluykeun kana nyeungeut obor dilaksanakeunna ku para tamu méré isyarat ngabungbang baris diresmikeun, tuluy nyadiakeun sasajén dilaksanakeunna ku panitia kitu ogé nyadiakeun suguh pikeun tamu (gegeden pamaréntah). Sanggeus kitu bari para tamu nuang suguh ti panitia dibarung ku midangkeun kasenian Pencak Silat jeung midangkeun kasenian Gondang Buhun. Sanggeus tamu disuguhan tuangeun jeung sababaraha hiburan, para tamu dibariskeun diajak leumpang ngabring ka lapangan desa, aleutan leumpang ka lapangan bari diaping ku ponggawa nu mawa tumbak. Sanggeus nepi di lapangan desa, méméh ronggég dipidangkeun Ki Demang sasanggem mangrupa kecap pamapag ka para pamilon kagiatan bari dituluykeun kana nyaritakeun sajarah Batu Lawang jeung sajarah ngabungbang. Sanggeus kitu prung ronggég dipidangkeun. Nu pamungkas ditutup ku du'a ti tokoh agama.

Upacara ngabungbang penting pikeun dilaksanakeun salian ti nyumponan amanah ti luluhur, ogé penting pikeun ngariksa kabudayaan asli ti Batu Lawang. Mangpaatna moal karasa saharitaeun tapi keur generasi satuluyna. Mugya tetep dijaga diriksa salawasna.

Nyangkem Eusi Téks Artikel Budaya

Pilihan Ganda

Pék pilih salah sahiji jawaban nu dianggap pangbenerna !

1. Di wewengkon mana upacara ngabungbang dilaksanakeun?
 - a. Desa Batu Kuya
 - b. Desa Batu Hilir
 - c. Desa Batu Bawang
 - d. Desa Batu Lawang
 - e. Desa Batu Lamping

2. Iraha dilaksanakeunna upacara ngabungbang?
 - a. Senén
 - b. Sabtu
 - c. Malem 14 bulan gedé
 - d. Malem 15 bulan leutik
 - e. Malem minggu
3. Saha anu jadi panaratas atawa *pelopor* ayana upacara ngabungbang?
 - a. Bu Itoh
 - b. Bu Dioh
 - c. Bu Diah
 - d. Bu Teti
 - e. Bu Saroh
4. Saha anu jadi tokoh panerusna nu ngalaksanakeun upacara ngabungbang?
 - a. Ki Hasan
 - b. Ki Demang
 - c. Ki Kusumo
 - d. Ki Joko
 - e. Ki Kasnadi
5. Naon ngaran tempat nu dikaramatkeun ogé nu jadi sumber cai di Batu Lawang?
 - a. Saweran
 - b. Cucurah
 - c. Curugan
 - d. Cikahuripan
 - e. Ci Entuk
6. Aya sabaraha bagéan dina upacara ngabungbang?
 - a. Aya 2 (mimiti jeung pamungkas)
 - b. Aya 3 (persiapan, mimiti jeung pamungkas)
 - c. Aya 2 (saméméh jeung puncak)
 - d. Aya 4 (persiapan, saméméh, pertengahan jeung puncak)
 - e. Aya 2 (saméméh jeung prak-prakan)
7. Dijieunna tina tilu buku awi, ditihangan ku awi, disumbuan maké kaén tuluy ditancebkeun sapanjang jalan ti imah Ki Demang nepi ka lapang. Éta hal kaasup kana prosesi naon ?
 - a. Damel Bélé
 - b. Damel Capé
 - c. Damel Obor
 - d. Nancebkeun awi
 - e. Nancebkeun awi konéng
8. Naon tujuan utama dilaksanakeun upacara ngabungbang?
 - a. Wajib lantaran budaya karuhun

- b. Sabab penting keur kahareupna
 - c. Nyumponan amanah ti luluhur Batu Lawang
 - d. Pikeun kamajuan pariwisata
 - e. Pikeun sumber panalungtikan skripsi
9. Kasenian naon nu jadi pidangan dina puncak upacara ngabungbang?
- a. Pongdut
 - b. Silat
 - c. Gondang
 - d. Ronggég
 - e. Jaipong
10. Naon harti tina wawangkongan dina upacara ngabungbang?
- a. Ngorék bangkong
 - b. Ngeunaan lalakon sajaran ngadegna Batu Lawang
 - c. Nyaritakeun lalakon bangkong
 - d. Nyarita sapeuting jeput
 - e. Nyaritakeun ngabungbang

Essay

1. Kumaha sajarah mimitina dilaksanakeun ngabungbang?
2. Tétélakeun prosesi upacara ngabungbang ti awal nepi ka ahir!
3. Saha waé nu jadi pamilon dina upacara ngabungbang?
4. Sebatkeun aya sabaraha hiji kasenian dina ngabungbang?
5. Saupama ngabungbang ulah dilaksanakeun, kunaon sababna? Tuluy saupama ngabungbang kudu dilaksanakeun, kunaon sababna?

Konci Jawaban

Pilihan Ganda

- 1. D
- 2. C
- 3. B
- 4. B
- 5. D
- 6. C
- 7. A
- 8. C
- 9. D
- 10. B

Essay

1. Ngabungbang saméméhna geus aya ti taun 1915. Ki Demang salaku generasi ayeuna anu nuluykeun Ngabungbang téh, warisan ti Ibuna (Ibu Dioh). Dina jaman harita nya éta dina taun 1915 kacaritakeunna di Batu Lawang téh keur hésé cai. Hiji mangsa Pa Haji Hasan lanceuk Bu Dioh ti Tasik datang ka Batu Lawang. Bu Dioh ménta pitulung sangkan di Batu Lawang téh teu hésé cai. Ki Hasan narékahan paméntana, indit ka gunung (taneuh Bu Dioh) ngajak badéga jeung Juragan Ulis. Geus nepi ka gunung, Ki Hasan nu mamaké iteuk nancebkeun iteukna bari maréntah Badégana ngagali di tempat iteuk ditancebkeun. Teu kungsi lila sanggeus digali cai téh ngaburial kaluar gedé kacida, éta tempat téh dingaranan Cikahuripan. Ti harita cai téh nepi ka ayeuna cur cor sa-Batu Lawang mah teu kakurangan cai. Ki Hasan sanggeus nulungan Bu Dioh boga paménta, paménta na téh nya éta dina malem 14 bulan gedé masarakat ngariung jeung ulah sararé sarta pangnyadiakeun Ronggég, ulah unggal bulan saur Ki Hasan téh cukup sataun sakali tempatna di ieu Cikahuripan.

2. Aya dua prosés

- Samémeh Ngabungbang

- Wawangkongan

Dina wawangkongan, eusina ngeunaan lalakon sajarah ngadegna Batu Lawang. Dilaksanakeunna dina waktu sareureuh budak, anu ilubiungna nya éta sakabéh tokoh masarakat di Batu Lawang. Wawangkongan dilaksanakeunna nalika caang bulan 14 dina bulan Muharram. Ngeunaan tempat, dilaksanakeunna wawangkongan nya éta di aula masjid gédénggeun imah Ki Demang.

- Damel Sajén

Dina poé katilu saanggeus wawangkongan sakabéh masarakat diajak ku Ki Demang pikeun nyieun sasajén. Sasajén anu disadiakeun nya éta: (1) congcot, (2) bawang beureum, (3) cabe beureum, (4) uyah, (5) cara bodas, (6) cara beureum, (7) rujak cau, (8) bubur bodas, (9) bubur beureum, (10) ci kopi, (11) ci téh, (12) ci hérang, (13) lemareun, (14)

kupat keupeul, (15) papais tipung, (16) tangtang angin, jeung (17) menyan.

- Damel Bélé

Masih dina poé katilu saanggeus wawangkongan, aya nu disebut “damel bélé” nya éta nyieun bélékétépé sarupaning anyaman tina daun kalapa nu semu kolot tapi teu kolot teuing rada ngora tapi lain janurna. Dipaké pikeun dékorasi panggung sarta pikeun tilam dariukna pamilon kagiatan. Dijieun babarengan ku masarakat jeung panitia dina kagiatan ngabungbang sacara gotong royong.

- Damel Obor

Masih dina poéan katilu saanggeus wawangkongan, aya damel obor nya éta nyieun obor tina tilu buku awi, ditihanganna make awi, disumbuanna maké kaén. Ditancebkeun ngajajar mapay jalan ti imah Ki Demang nepi ka lapangan désa. Minyak anu digunakeunna nya éta minyak tanah, tapi saupama minyak tanah geus hésé lantaran teu loba nu ngajualna, bisa diganti ku solar salaku gagantina.

- Nancebkeun Awi Konéng

Ditancebkeun méméh sakabéh kagiatan dimimitian. Hartina dina prosesi nancebkeun awi konéng méré ciri yén acara rék dimimitian. Dina waktu nancebkeun awi konéng, bareng jeung masangkeun umbul-umbul disapanjang jalan ti imah ki Demang nepi ka lapangan désa.

- Puncak Upacara Adat Ngabungbang

- Unjukan

Dina poé ka opat sanggeus wawangkongan, dilaksanakeun Unjukan nya éta indit k gunung ka makam luluhur di hulu cai anu jadi karamatna katelahna Cikahuripan. Sugu nu dibawa dina mangsa Unjukan nya éta tilu rupa kadaharan, aya nu ngagantung, ngagolér jeung nu kakubur, disebut ogé ku istilah “*polo gumantung, polo kesimpar, polo kependem*”.

Dina Unjukan miboga tujuan pikeun sukuran sarta neda widi ka Gusti Allah SWT, ka nu ngageugeuh Batu Lawang jeung ngadu'akeun luluhur Batu Lawang. Dina Unjukan nu bisa ngaluuhan ngan saukur jalma-jalma pinilih atawa ngan saukur sesepuhna hungkul nu ngalaksanakeunna.

- Ngabungbang

Ngabungbang nu jadi inti tina kagiatan Upacara dina poéan pamungkas sarta sakalian jadi kagiatan panutup tina runtuyan acara Ngabungbang. Puncak tina ngabungbang dimimitian dilaksanakeunna di buruan imah Ki Demang, dibuka ku rajah nu digerendengkeun ku Ki Demang salaku sesepuh ngabungbang, dituluykeun kana nyeungeut obor dilaksanakeunna ku para tamu méré isyarat ngabungbang baris diresmikeun, tuluy nyadiakeun sasajén dilaksanakeunna ku panitia kitu ogé nyadiakeun suguh pikeun tamu (gegedén pamaréntah). Sanggeus kitu bari para tamu nuang suguh ti panitia dibarung ku midangkeun kasenian Pencak Silat jeung midangkeun kasenian Gondang Buhun. Sanggeus tamu disuguhan tuangeun jeung sababaraha hiburan, para tamu dibariskeun diajak leumpang ngabring ka lapangan désa, aleutan leumpang ka lapangan bari diaping ku ponggawa nu mawa tumbak. Sanggeus nepi di lapangan desa, méméh ronggéng dipidangkeun Ki Demang sasanggem mangrupa kecap pamapag ka para pamilon kagiatan bari dituluykeun kana nyaritakeun sajarah Batu Lawang jeung ngabungbang. Sanggeus kitu prung ronggéng dipidangkeun. Nu pamungkas ditutup ku du'a ti tokoh agama.

3. Palaku dina Upacara Ngabungbang nya éta aya sesepuh (Ki Demang), réngréngan sesepuh, aparat pamaréntah, panitia, nayaga jsb, sarta masarakat umum.
4. Kasenian Gondang, Silat jeung Ronggéng.
5. Pamadegan siswa!!